



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 13 MILYON DOLA POU PWOTEJE DLO
PWÒP AK SIPÒTE KILTIVATÈ NEW YORK YO NAN BATAY KONT CHANJMAN
KLIMATIK**

Finansman yo bay pou 50 pwojè agrikòl pral ede kiltivatè atravè Eta a amelyore kalite dlo nan basen vèsan ki gen priyorite yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay plis pase 13 milyon dola pou pwoteje dlo pwòp atravè Eta New York epi ede kiltivatè New York yo kontinye travay yo pou diminye enpak chanjman klimatik yo. Finansman an sipòte pwojè prezèvasyon kalite dlo, ki pral benefisye 50 fèm, amelyore kalite dlo nan basen vèsan priyorite yo ak pwoteje anviwònman an. Pwojè yo finanse atravè Pwogram pou Diminye ak Kontwòl Sous Polisyon Agrikòl nan Eta a.

"Eta New York ap dirije nasyon an nan batay kont chanjman klimatik epi 13 milyon dola nan finansman an se dènye envestisman odasye nan kad efò anbisye nou pou kreye yon New York ki pi vèt pou tout moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an pran angajman pou ede kominote lokal yo atravè eta a pou yo pi byen prepare pou lavni nan pwoteje basen vèsan ak anviwònman yo a. Pwojè sa yo pral pwoteje vwa navigab ak tè agrikòl New York yo nan ankouraje pwogram jesyon anviwònmantal dirab, rantab sou fèm yo".

Yo te akòde pwojè yo bay 24 Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo konte a, nan non fèm yo, k ap soutni planifikasyon anviwònman ak mizanplas meyè sistèm pratik jesyon (best management practice, BMP), pou anpeche eleman nitritif ak lòt polyan posib yo antre nan vwa navigab yo. BMP yo enkli yon varyete mezi, tankou enstale tanpon vejetatif arebò kouran dlo yo, plantasyon kilti ki kouvri, amelyorasyon jesyon sibstans nitritif yo atravè estokaj fimye, ak lòt mezi konsèvasyon.

Yo te akòde 28 sibvansyon pou Pwogram pou Rediksyon ak Kontwòl Sous Polisyon Agrikòl bay:

- **Rejyon Kapital:** 344,100 dola pou travay avèk yon fèm
- **New York Santral:** 3,171,731 dola pou travay avèk 14 fèm
- **Finger Lakes:** 3,769,447 dola pou travay avèk uit fèm
- **Mohawk Valley:** 1,447,718 dola pou travay pou travay avèk twa fèm

- **North Country:** 2,040,152 dola pou travay avèk 14 fèm
- **Southern Tier:** 1,554,356 dola pou travay avèk senk fèm
- **Rejyon Lwès New York:** 803,172 dola pou travay avèk senk fèm

Pou yon lis konplè pwojè yo akòde sibvansyon yo, tanpri vizite [sitwèb Depatman Agrikilti ak Mache](#) (Department of Agriculture and Markets).

Pandan 28 lane ki sot pase yo, Eta New York te sipòte pwojè ki kouvri plis pase 600 basen vèsan separe nan Eta a, pami yo 1,350 pwojè jesyon eleman nitritif ak konsèvasyon fimye pou ede fèm yo ekilibre aktivman òf eleman nitritif la ak demann pou eleman nitritif pou kilti a, sa ki bon pou anviwònman an epi amelyore eksplwatasyon fèm nan. Yo kreye plis pase 324 ekta bann pwoteksyon bò dlo pou filtre eleman nitritif ak sediman, pwoteje dlo sifas, estabilize bò dlo yo, amelyore abita akwatik la epi redui konsekans inondasyon.

Anplis, plis pase 56,656 ekta kilti pwoteksyon tè ki te plante pou ede prevni ewozyon, amelyore sante tè a, epi ogmante matyè òganik nan tè a, ki kenbe plis imidite pou demann kilti yo pandan tout sezon kwasans lan. Kilti pwoteksyon tè yo kenbe kabòn tou, k ap ede kiltivatè New York yo konbat chanjman klimatik la. Nan faz 28 pwogram sa, y ap mete anplis plis pase 2,266 ekta kilti kouvèti. Tanpon rivren se yon lòt pratik ki pèmèt rezèv kabòn anplis li ofri benefis pou kalite dlo. Y ap mete anplas plis pase 11 ekta tanpon èbase epi ki bwaze pandan faz 28 la.

Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare, "Kiltivatè yo byen pran swen tè a, epi, travay an patenarya avèk Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo konte atravè eta a, yo angaje yo nan agrikilti nan yon fason ki diminye anprent yo sou anviwònman an epi pwoteje resous natirèl nou yo. Pwogram tankou sa yo ede Eta New York kontinye dirije peyi Etazini nan konbat chanjman klimatik epi asire yon anviwònman ki an sen, pwospè pou tout moun".

Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Avèk envestisman rekò Gouvènè Hochul nan Fon Pwoteksyon Anviwònman an, eta a ap fè envestisman san parèy pou pwoteje dlo pwòp. Nouvo sibvansyon sa yo pral sipòte kiltivatè yo nan travay chak jou yo epi yo se yon premye egzanp sou fason finansman sa a kapab asire pratik jesyon ki bon pou anviwònman an nan Eta New York ki pwoteje resous natirèl nou yo. DEC fyè pou l travay ansanm ak tout patnè Eta nou yo sou pwojè tankou sa yo pou reyalize objektif aksyon klimatik nou yo pou yon anviwònman ki pi pwòp, ki pi dirab pou jenerasyon k ap vini yo".

Prezidan Komite Konsèvasyon Tè ak Dlo Eta New York la, Dale Stein, te deklare, "Prim yo anonse jodi a pral ede fèm yo ak Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo atravè New York pwoteje kalite dlo a epi amelyore sante tè a pandan plizyè ane k ap vini yo. Nou kontan dèske pwogram polisyon agrikòl la kontinye gen yon gwo enpak sou agrikilti New York epi li ede fèm yo konbat efè chanjman klimatik yo epi kontinye jere tè yo".

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Kiltivatè New York yo se dirijan resous natirèl prensipal nou yo, epi avèk kriz klimatik la k ap vin pi entansif, li pa janm te pi enpòtan pou bay sipò finansye dirèk yo bezwen pou pwoteje resous dlo pwòp nou yo ak tè ki kiltive manje nou yo. Lidèchip klimatik ak dirabilite agrikòl New York la mache men nan men, epi finansman nou jwenn ane apre ane pou pwogram Rediksyon ak Kontwòl Sous Polisyon Agrikòl la ede kenbe patenarya sa a solid".

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Pwogram Sous Polisyon Agrikòl la jwe yon wòl enpòtan nan ede kiltivatè yo adrese enpak chanjman klimatik yo. Pwogram nan sipòte prevansyon kontaminan dlo lè l sèvi ak pi bon pratik pou planifikasyon anviwònman an nan fèm, espesyalman adapte pou yon sèl fèm. Mwen apresye tout travay di ki ale nan efò alèyman sa yo epi mwen di yon mèsaj espesyal pou Distri Konsèvasyon Tè ak Dlo yo, ak kiltivatè yo ki te aplike pou resevwa lajan sa yo".

Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) Eta New York la ap administre Pwogram pou Kontwòl ak Redui Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a an kowòdonasyon avèk Komite Konsèvasyon Sòl ak Dlo (Soil and Water Conservation Committee) Eta New York la. Pwogram lan fè pati kad Jesyon Anviwonmantal Agrikòl la (Agricultural Environmental Management), ki se yon efò ki pi global k ap ede kiltivatè yo reyalize pi bon kalite pwoteksyon anviwonmantal ak sistèm agrikòl ki pi efikas, ki pi rantab.

Pwogram pou Kontwòl ak Redui Sous Polisyon Agrikòl Dispèse a apiye efò Eta a pou bay pwoteksyon ki istorik pou kalite dlo, ki enkli angajman 3.5 milya dola san presedan pou asire ke tout Nouyòkè gen aksè nan dlo ki pwòp ak mezi agresif li te pran pou konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418